

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Luyu jeung tujuan ieu panalungtikan, tina hasil analisis data bisa dijieun sababaraha kacindekan ngeunaan Pangaruh Makéna Basa Indung di Lingkungan Kulawarga kana Préstasi Diajar Nyarita. Diantarana saperti ieu di handap:

1. Basa anu digunakeun di lingkungan kulawarga siswa SMA Pasundan 3 Bandung lolobana nya éta basa Sunda, salian ti basa Indonesia jeung basa Jawa.
2. Prestasi diajar basa sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung kaasup kana kategori cukup, sabab 67.5% tina 40 urang siswa kening peunteun 6 kaluhur.
3. Aya hubungan anu signifikan antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga kana préstasi diajar nyarita basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung, Lantaran hipotesisna bisa dibuktikeun. Hartina aya korélasi anu signifikan antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga kana préstasi diajar nyarita basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan, aya sawatara saran pikeun ngaronjatkeun préstasi diajar nyarita siswa SMA Pasundan 3 Bandung, diantaranya saperti ieu dihandap:

1. Sangkan basa Sunda teu leungit, mangka basa Sunda kudu terus di paké hususna di lingkungan kulawarga salaku lingkungan munggaran dina meunangkeun basa, jeung umumna di lingkungan sakola salaku lembaga formal jeung lingkungan masyarakat salaku lingkungan sosial.
2. Peuteun rata-rata préstasi diajar nyarita siswa SMA Pasundan 3 Bandung aya dina katégori cukup, kulantaran kitu guru dipiharep bisa ngahudang atawa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa kana widang pangajaran basa hususna dina diajar nyarita sangkan bisa ningkatkeun deui préstasi diajar nyaritana.
 - 1) Ieu panalungtikan téh kacida gedé mangpaatna pikeun sakabeh lembaga boh lembaga formal, boh informal. Ku lantaran kitu dipiharep aya panalungtikan anu leuwih lega jeung jero ambahanana.